Воробьевкэ щыпсэу Кудаевхэ я гугъу щытщIкIэ, кьэдгъанэ хьунукъым мы зэманым Москва щыпсэу усакIуэ цIэрыIуэ Кудаев Александри. 1933 гъэм а кьуажэм кьыщалъхьа Кудаевхэ я ныбжьыр кьуащ, арщхьэкIэ, сыт хуэдэ щытыкIэ имытами, усэ тхын щигъэтакъым. А цIыху гъуэзэджэм и Iэдакъым кьыщIэкIащ усэхэр щIэзэхуэхьса тхыльыгъ.

... ЕтIуанэ мазэм ди Хлевен районым дыщыIуащ куейм и администрацэм и Iэтащхьэ Лисов Михаил. Абы пщIэшхуэ зэрыхуащIым и щIыхьэгъ иджы епIанэрэ я кулыкъым зэрыхахыр. Ар хуабжьу цIыху гуапэу кьыщIэкIащ.

Администрацэм и Iэтащхьэм фIыуэ ещIых у Кудаевэ. Уеблэмэ, Кавказым щIэх-щIэхьуэ цIыщ икIи ещIэ мыбы зэныбжьэгъугъэр, нэмысыр псом япэ зэрыщрагъэщIыр. ЗэрызымыщIэкIмэ, Кудаевхэ Кавказым я IэпхъукIауэ шэч ящIыпт - «фэ апхуэдизкIэ фызэщIыщи...»

Кудэрэ дызэпсэгъа иужь Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым уэз гъэгъах эр тетлъхьащ. ЖысIэнщи, сэ абы тетхауэ кьэслъэгъуащ Шыбзыхьуэ Зыхуэзлиф АфIэщ и кьуэм и цIэ-унэцIэр. Ар зэрыадыгъэм зэхэ хэлъкъым.

ИтIанэ ар агрэуэру дыкIуэжащ Воробьевкэ. Абы хуабжьу кьыптщIыгуфIыкIыну дыдэ рагъэблэгъэжащ жылагъуэм и администрацэм и Iэтащхьэ Бунеевэ Аннэ (и хьыджэбз унэцIэр Кудаевэщ), и анэ Матренэ сымэ, ди лъэпкъэгъу, абыхэм кьапыща псомэ. Дигу ирихьащ куэд кьытхуаIуэтащ, дагъэлъэгъуащ.

Пщыхьэщхьэр дэ щыдгъэкIуащ Дон и Iуфэм. Ар гукъинэжщ.

КIУДЕЙ Владимир, *журналист.*

И унэ кIуэжын идэркъым

● Шэшэн

И дэлъхур гъэрыпIэм къришыжьын папщIэ дэIэпыкъуну Улан-Удэ щыпсэу Ипангицевэ Ларисэ Цыхуэм и хуитыныгъэхэр хъумэныжьмкIэ уполномоченнэу Шэшэн Республикэм щыIэм елъэIуащ.

ТХЬэУСЫХАМ и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, абы и дэлъхур, 1958 гъэм къалъхуа Парников Геннадий, залымыгъэкIэ щаIыгът ШГ-м и Шелковскэ куейм щыщ Бурунное къуажэм и чэтхэм ящыщ щым.

Уполномоченнэ Нуражиев Нурди зыхуигъэзащ Шелковскэ районым и прокурорым. ИужькIэ хабзэхъумэхэм Iэхур зэхагъэкIащ.

КъыщIэкIамкIэ, Iэхуэм щыщIидзар 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 13-рщ. А махуэм Бурунное къуажэр щIэзэщIыщыкI зауэлIхэм ящыщIэхуащ. Езыр хэтми къэзылъагъуэ тхылъ гуэри зимыIэ Iэхъуэр. Яубыдар Иркутск областым хыхьэ Слюдянэ районым кьыщалъхуа Парников Геннадийт.

Абы пкърыупщIыхьа следователь Ивонишым мурад ищIащ Парниковым и Iыхьлыхэр кьигъуэтыну икIи ар здэщIыз щIыпIэр яжриэну. Арщхьэкlэ цIыхум и хуитыныгъэхэм щIэбэнхэм я псалъэхэм ятепщIыхьмэ, дзэм хэт офицерым Геннадий и кьекIуэкIыкIар зэрихьэкIащ. Абы зэриткIэмкIэ, Парниковыр илъэс 16 хьауэ зальмыгъэкIэ щэшэн къуажэ гуэрым щаIыгт. ИужькIэ Иркутск и газетхэм ящыщ щым зэкIэлъыкIуэу тхыгъэ зыбжанэ къытехуащ мыпсэужу къалъытэ Геннадий «илъэс 16 хьауэ Шэшэным гъэру зэрыщаIыгъым» теухуауэ. ЗауэлIхэм ар Шэшэным къыщалъхуэжащ, арщхьэкIэ ноби и лъахэм игъэзэжьыфыркъым ар «зейм» къиутIыщыжыну зэрыхуэмейм къыхэкIыу.

«Ауэ илъэсыпIэкIэ дзэ офицерыр пцIыупсу кьыщIэкIащ икIи абы жэуап ихьын хуейщ. УФ-м и УК-м ипкъ иткIэ. Тхыгъэхэр зи Iэдакъэщэ, газетым и редакцэм Iуэхуи и пэжыпIэр зрагъащIэхъакIым», - щыжаIэ Цыхуэм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу ШГ-м щыIэм и Iуэхущ1эпIэм.

А Iуэхущ1эпIэм и лэжьакIуэхэм, кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэмрэ щIыпIэм егъэбыдыпIа милиционерхэмрэ я гъусэу, Iуэхур зыгетыр зрагъэщIэн папщIэ Бурунное къуажэм кьыщалъпщIыташ щэшэн унагъуэм хэс Парников Геннадий и псэукIэр зыхуэдэр.

Езы Геннадий кьэзэрыжриламкIэ, ар Шэшэным зэрыщыIэрэ блэкIар илъэсищ кьудейщ (Иркутск кьыщыдэкI «Пятница» газетым а пIалъэр илъэс 16 хьауэ ятхыгъ пцIыщ). Зэгуэр Ростов щыпсэжащ, и тхыльхэр зэрыщIэуэда иужь, Iэпхъуащ илъэс 13-м щигъукIэ щыпсэуа Дагъыстэным. Хуэзыгъэ Iэнатlэхэм пэрытащ, зы унагъуэ гуэрым и Iэщlыр зэрихьащ А республикэм ар щхьэхуиту щыщIатащ. Хэбгъэзыхьмэ, тенджизь Iуфэм зыщигъэпсэхуэрт.

АтIэ сыт апхуэдиз пIалъэ кIыхькIэ и Iыхьлыхэм ялымышIауэ щIыщытар? А упщIэм и жэуапу Геннадий жеIэ: «Сэ сыщалъхуа щIыпIэм щысщIэн щыIэтэкъым» икIи пещэ: «ЦIыхухъухэм сахьихьэнурэ, фадэм ситхьэлэнут. Мыбы щагъыбым зыщыщIэзохъумэ. Дауи, си анэр сфIэгуэныхьщ, ар слъагъунуи сыкIуэжынущ, ауэ Iэмал имыIэу мыбы къэзгъэзэжынущ. Сэ мы лъахэр кIыхьзэгъэ, абы сесащ. Инми-цIыкIуми, щIапIэ гуэр щызыIэщ».

Кьэзэрыщ1экIамкIэ, Геннадий елъэIуат и анэм и деж лъагъунлъаегъу кIуэжыну, уеблэмэ, гъэгъупщIэри хуатыну ну хьэзыт, арщхьэкIэ мыдрейм идатэкъым.

Парниковыр паспортым щхьэкIи гурыуеихьыщхэ хэтынукъым. ЩIыпIэ ОВДП-р щIэгъэкъуэн хьыкуэхъунущ ар къыдиихьынымкIэ.

Мы зэманым следователь Ивонишым Iуэху кIэIэтащ пцIы зыупса дзэ офицерыр жэуапым елэIэнIэм теухуауэ.

«Северный Кавказ».

● Корее Ищхъэрэ

Апхуэдэ адэ уэрикIэн!

КНДР-м и Iэтащхьэ Ким Чен Ир Китайм щыIэщ. Апхуэдэу ягъэхьыбар а къэралым щыщ къулыкъущIэхэм.

АРЩХЬэКIэ Пхеньян и прессэм абы теухуауэ зыри кьытридзакъым - ягъэува хабзэм тету, газетхэмрэ телевиденэмрэ КНДР-м и унафэщIым иригъэкIуэкI ещхьу щыIэ пэжыгъэм и гугъу щащIыр зи чэзу апхуэдэ зекIуэр зэфIэкIа иужьщ.

ІэщIагъэлIхэм къалытэ мафIэгумкIэ фIэкIа земыкIуэ Ким Чен Ир Китайм щIэкIуар Корее Ищхъэрэм и ЛъжьакIуэ партым и конференц фокIадэ маэм екIуэкIынум илъэс 40-м кьырубдыгу япэу апхуэдэ зэхуэсым тепсэлъыхьын папщIэщ. Ящыныкъуэ политикхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, а зэхьхьэм щыжаIэнущ КНДР-м и Iэтащхьэм и кулыкъур вождым и къуэ Ким Чжон Ын зэрыIэщIыхьэнур.

ЗэрыгурыIуэгъэщи, Корее Ищхъэрэм и Iэтащхьэр хуейщ апхуэдэ Iуэхум и пэкIэ ещхьыдэу дунейм нэхъ лъэщу къыщыкъуэт Китайр абы зэреплъыр зригъэщIэну. Къэралым и унафэщI хъунуми и адэм и гъусэу мафIэгум иус жаIэ.

ЗэкIэхэIущIыу ящIыркъым делегацэм зэпыщIатIа щIыпIэр. Нэхьапэхэм щыгъуэ Ким Чен Ир Китайм кIуэрт Данлун къуажэм и деж гъунапкъэр щызэпиупщIуэр. Ауэ иджы ар гъунапкъэм зэрыкIаш Манхпо кьалэмкIэ.

Ким Чжон Ын илъэс 26-рэ е илъэс 28-рэ и ныбжьщ, Швейцариям университет къыщIуохащ, иджылызыбзи нэмыцкIэри ещIэ.

ФЕЩЕНКЭ Виктор. *«Российская газета».*

● Израиль

Псори зэпэлъытмэ...

Рихьэние къуажэм щыпсэу Шапсыгъ Амир и Iэщ фермэм - щIыпIэм щынэхъ ин дыдэм - щIыху куэд щыпIъагъуэркъым. Даущыншагъэр кьызэрызыудар бжьмэхэм я гъуэ макьымрэ щхьэхьнэу банэ хьэжмрэщ.

- ФЫКЪЭКIУАКIэ? Сэ сынэсынщ дакьикьитхукIэ, - телефонкIэ кьыдджиIащ Iуэхущ1апIэр зейм. Абы дэ дыкьиIатьагу хуэдэт.

Сэ сызигъуэ, кьуажэ хасэм и тхьэмадэ Джэш Самир кьызэригъэзIуащ Iуэхур зыIутыр.

- Цыхуэхэр зэпымыуэу фермэм тесын хуейкъым. ИхъуреягъкIэ видеокамерэхэр кьегъэзывэкIащи, мыбы щекIуэкI псоми тыншу уакIэпъыпIтыфынущ уи зэхьыщIэмкIыкIы. Щхьэусыгъуэ кьыкьуэкIмэ, пcэупIэр зэрыпсэжьыжьэр километритI кьудейкIэщ.

Шапсыгъ Амир и закъуэтэкъым. Абы щыгъуэу кьэкIуат гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм деж и дэIэпыкъуэгъу нэхъыщхьэ, и кьуэ Нурь. ЩIалэ щыкIыр и адэм зэи кIэрыкIырыкъым псори зэпгъэщIэну, зэпгъэпъагъуну хуэпIокIу.

Дэ, зэкъуэшхэм, илъэситху и пэкIэ мурад тщIат бжэн гъэхъуным зеттыну,-игу кьегъэкIыжа Амир. - Щытыкlэр гугъэт - дызыкъэпсэукIын, ди унагъуэхэр зыхуей зэрыхуэдгъэзэну экIыпIэ гуэркэр кьэдгъуэтын хуейт. Апэ щыкIэ гугъу дехьырт - нэ хущIым кьыщыщIэдзауэ жэщыбгъ хьуху фермэм дыщыIэт. Жиджы Нухьрэ сэрэ Iуэху псоми тыншу даполъэщ.

Арщхьэкlэ сыт хуэдэ лэжьыгъэри епхьжьэну нэ хъ гуГъужщ, - пещэ адэкIэ Шапсыгъым. - Ахъшэ зэхэпхьэри, бжэн 20, хуэдиз, Iус кьэтщхуащ. Фейдэуэ кьыхтхуищI щыIэтэжьыкъым. ИтIанэ унагъуэ хьэрычэтыщI пэжьыгъэм нэхъ егупсысауэ, псори зэпэшэчауэ бгъэдыхьэн зэрыхуейр кьыдгурыIуащ.

- Дызэчэнджэщри, - жеIэ Амир, - мы зэманым кьэралым щыпэрыт технологием дыхуэхIуэну мурад тщIащ. Илъэсиитl и пэкIэ Израильым щыIэтэрауэт бжэн гъэ хьуным хуэгъэзэнса юмпьютер технологиехэр. Дауи, абыхэм уахуэкIуэныр дзыхьыщIугъэджэт. КьыдэмыхьулIэмэ, хуабжьу дыхилъхьэфынт. АрщхьэкIэ дытетгушхуащ икIи дыщIеГъуэжакъым.

Кьэралым Шапсыгъ зэкIуэшхэм яхуипшыныжащ IэмэпсымэщIэр къэщхэн, игъэувын папщIэ къащта щыхуэм и зэхуэдитIыр.

- Дэ, хэбгъэзыхьмэ, зы Iуэхущ1апIи дыкIуэн хуэркъым, - кьызеГъащхьэкIэ Амир. - IэщlагъэлIхэм Iэмэпсымэхэр ди кьуажэм кьашащ, аэр фермэм щагъэуващ, кьыззэрыдгъэсэбэпыну щыкIэр кьыдугурагъэIащ. Иджы жэнэтым дис хуэдэщI Кхьыбэ, фепIы!

Зы пэнжькъуэкIэ кьэнкIыкIрт классиж макъамэ, рок-музыкэ кьыхуэпIащ. Мыбы радиор жэщи махуи щолажьэ. Абы псори есэжащ - макъамэм лэжьаКIуэхэм я гукъыдэжкIэ кьеIэт. Ауэ абы и закъуэкъым.

- Макъамэ сыт щыгъуи дыхуейщ, - жеIэ фермэр зейм. - Еджагъэшхуэхэм макъамэ, рок-музыкэ кьыхуэпIащ. Мыбы радиор жэщи махуи щолажьэ. Абы псори есэжащ - макъамэм лэжьаКIуэхэм я гукъыдэжкIэ кьеIэт. Ауэ абы и закъуэкъым.

- Макъамэ сыт щыгъуи дыхуейщ, - жеIэ фермэр зейм. - Еджагъэшхуэхэм макъамэ, рок-музыкэ кьыхуэпIащ. Мыбы радиор жэщи махуи щолажьэ. Абы псори есэжащ - макъамэм лэжьаКIуэхэм я гукъыдэжкIэ кьеIэт. Ауэ абы и закъуэкъым.

Мы зэманым Шапсыгъым и фермэм бжэн 200-м щIигъу тетщ. Нэхъыбэр Альпхэм, Франджым кьыщащэхуащ. ЩIыпIэ лъэпкъхэм ящыщхэри яхэтщ. Аэр псори щхьэхуэ-щхьэхуэ зыгъэпсэугъуэ. Дэнэ щIыпIи щыкIыпабзэщ, ямыпей гуэри щыпIалагъэркъым. ПэкIэ, щхьэкIэ-дэсхэр зэсэжа мэр машIэу кьыпщIехьэ, ауэ абы щхьэкIэ кьыумыгъанэу бом, уеблэмэ, ущыпсэуфынущ.

Компьютер Iэнатlэ кьэзыгупсысахэм, Iэщlыр зэрызепхьэн хуей Iэмал псори зэпатьытащ. Зы Iуэху «жьгъей» кьащIыгъупщакъым. Дэтхэнэ псэущхьэми и щыгъыкIэр, и узынщагъэр зыхуэзэр кьоэзыгъащIэ микрочипхэр абыхэм я тхьэкIумэхэм хэгъэубыдащ.

- Компьютерыр сакъыу кIэлъопIъ псэущхьэм зэрызиужьыжьм. Абы кьелъытэ бжэным зы махуэм Iусу сыт хуэдиз лъыСамм, и хьэпIагъэм сыт хуэдиз кьыщIигъуаеи, щэуэ сыт хуэдиз кьитами, кьыщIежьэ Амир. - Абы зыри щыгъупщэркъым.

Шапсыгъым и фермэм щекIуэкI лэжьыгъэм теуХуа хьыбарыр нос Рихьэние километри 150-кIэ пэжьжьэ ТельАвив - видеокамерэкIэ Iэщlагъэлlэр кьыщыкIэльыпIъ Iуэхущ1апIэм щекIуэкI лэжьыгъэм.

Дэтхэнэ бжэнми паспорт иIэщ, Израилым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм щатхаяу.

- Апхуэдэ тхьыгъ имыIэмэ, - кьыдгурегъаIуэ Амир, - Iэщlыр пэчущэнукъым - ар кьэбдыгъуауэ кьалъытэнкIэ, бзлыхь уэхэуэнкIэ хьунущ.

Шапсыгъыр хуейщ хьэрэмыгъэ гуэри хэмылъу икIи зыIуахуэ лэжьэну. Абы бжэныныр Палестинэм ирегъашэ, бжэныныр езы Израилым кьэонэжь.

- Дэтхэнэми и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ и лэжьыгъэм фейдэ яз хьыбэ кьыщIихыным, - жеIэ Амир. - Зы махуэм бжэныш 3 литр 600 хуэдиз кьыщIызощ. Ар Израильм щынэхъ инхэм ящыщ «Вуча» компанием сщоху. Ар дилым ерыскъыгъэ ерыскъыгъэ зэрыгъэзащIэ. Сыт хуэдиз кьыщIэкIынт? Абы топсэльыхь Госадмтехнадзорым и унафэщIым и къуэдзэ Филиппов Александр.

- ИЛЬСЭ къэс Москва областым и щIыпIэ псоми кьэпщыгъэныгъэзэр щрагъэжьIуэкI. Псом хуэмыдзуэ гъэмахуэхэм деж. Ди Iуэхущ1апIэр зэрыщIэрэ блэкIа илъэсиблым кьэнщIыб идзыпIэу мини 3,7-м щIигъу агъэсеижащ. Арщхьэкlэ кьабзагъэм емылIалIэ щIыху псоми уакIэльыпльыну гугъущ: зы щIыпIэ деж кIэрыкубжьэрыхуэхэр щIыбоК, нэгъэщIыщIыпIэм апхуэдэ дыдэ кьыщIохуэтэ.

Ауэ зэрыкIуат кIэрыкубжьэрыхуэхэм тхъэмыщIкIагъэ куэд кьащIэнкIэ хьунущ.

Псальэм и хьэтыркIэ, Солнечногорск и гъунэгъуэ уэгум кьыщIехуэх пэтащ Внуковэ аэропортым щетIысэхыну кьхъулъытэр - абы и моторым ихуат кIэрыкубжьэрыхуэхэр щракIута щIыпIэр зэрыщIа ихъ тхъэрыкIуэхэр. Исахэм я насыптIи, кьхъулъытэхэуэхэр IэкIуэлькIуэу кьыщIэкIащ. - Аэропортым и унафэщIхэм зэ куэдрэ делъэIуащ куэншыб идзыпIэр ягъэсеижыну. Ар ззгъэхьулIэн папщIэ Iу зкуащIапIэ зыбжанэ ди телъхьэ кьэтщIын хуей хъуащ.

Филиппловым и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, дачэхэм щыпсэухэри фIеймкIэ кьуанщэ. «ИльэсибI и пэкIэ дэ лэжьэн щыщIэддзам дачэхэм кIэрыкубжьэрыхуэ тонн мелуани 2-м кьыщIущIэдзауэ 3-м нэс щызэтелът. Абыхэм щыпсэхухэм я зэгухьэныгъэхэм я проект 20-рт зыхуэфащэ Iуэхущ1апIэхэм пхъэнкIийр дахъшэшыжьмкIэ зэгурыIуэныгъэхэр езыщыкIэ зэретхъэкъуну - цIыху кьыщIэрыгуэкIым сом мини 5-кIэ, кьулыкъу зыIутыр сом мини 30-кIэ, Iуэхущ1апIэм - сом мин 200-м нэскIэ.

ПУЛЯ Иринэ. *«Российская газета».*

Хьихэну пIэрэ?

● Сирие

Минск щыщIам Сириемрэ и президент Асад Башар жиIащ абы и къэралыр Урысейм, Белоруссием, Къэзахъстаниемрэ и Таможнэ зэгухьэныгъэм хьыхьэну зэрыхуейр. Белоруссием и премьер Сидорский Сергей щепсалъэм, Асад кьыхиугъэбеджьыныкIащ а зэгухьэныгъэм хьыхьэмэ, Сириемрэ я къэралищымрэ я сату-экономикэ зэхущытыкIэхэм зегъэужьыным щIэтпасэхуэн зэрыхуэхъуфынур. Минск къыгъэзыгъакIэщ Дамаск а Iуэхумкlэ диЛыгъыну. Сидорскэм Асад хуигъэлъэгъуащ Белоруссием и щIыналъэм фармацевт IэнатIэ къыщыщIэзыригъэпэщыну.

Щхьэзыфlэфlхэр ирегупсыс

● Къабзагъэ

Гъуэгу щIыпIэ хэм кIэрыкубжьэрыхуэхэр, птулькIэ кьутахэр щыIэтекIуагъ. Ахэр зэрыпльагъуу, уи гукъыдэжыр кьэкъутэ. Ди жагъуэ зэрыльэкъунущ, апхуэдизхэм Урысейм и щыпIэ псоми ящIрохьэлIэ. Сыт атIэ зэкIыпIэр? Абы топсэльыхь Госадмтехнадзорым и унафэщIым и къуэдзэ Филиппов Александр.

- ИЛЬСЭ къэс Москва областым и щIыпIэ псоми кьэпщыгъэныгъэзэр щрагъэжьIуэкI. Псом хуэмыдзуэ гъэмахуэхэм деж. Ди Iуэхущ1апIэр зэрыщIэрэ блэкIа илъэсиблым куэншыб идзыпIэу мини 3,7-м щIигъу агъэсеижащ. Арщхьэкlэ кьабзагъэм емылIалIэ щIыху псоми уакIэльыпльыну гугъущ: зы щIыпIэ деж кIэрыкубжьэрыхуэхэр щIыбоК, нэгъэщIыщIыпIэм апхуэдэ дыдэ кьы

Нэгъэщ1 хъэпсап1и и1акъым

●Егъэджак1уэ и илъэс

Сыту щы1эф1 мы щы1п1эм хьэуар! Псом хуэмыдэу пщэдджыжьы1п1эм. Урибауэ пэтми, гум зигъэнщ1ыркъым. Махуэ къэс жыхуи1эм хуэдэу Тау (Бэрэзджэ) Хужьпагуэ ирокIуэ щы1ажьэ школым ухуэзыщэ лъагъуэм. Къыззщ1эуша къуалэбзум я макъ жьгъырур зэхиха нэужь, абы и псэм I эфIыгъэр щы1 мэхъу, игъуэт дзрэжэгъуэм щ1эи гъуни имы1эуи къыщ1охьу...

Тау Хужьпагуэ

ЩЫСАБИЙМ щегъэжьауэ Хужьпагуэ зэи Iэхунщэ щыхъуакъым щхьэ и унагъуэщхуэм. Зэдэлъхуэзэшы-пхъуэхм я нэхъыжьыр арати, Iэпыдзлъэпыдзынри нэхъыщIэхэм як1эльыплъынри и пщэ къыдэхуэрт. Пщ1эрэ щхьэрэ зи1эу Къэхуэн къуажэ дэсхэм ящыщт ар къыщалъхуар - Бэрэзджэ Санэрэ Науцэрэ я унагъуэр. Санэ связым щылажьэрт щытхъу и1эу. Уеблэмэ и ехьулI эныгъэм папщ1э «Гуащ1эдэжI1ы и щ1ыхь» орденыр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Ар езыр лэжьы-гъэм зэрыбгъэдэтым хуэдэу, и бынри еджэнымрэ Iуэху щ1эныбрэ хущ1агъэтыну иужь ит эпытт. Махуэ щ1агъуэ дэкIыртэкъым ар школым мыкIуэу, и бынхэм я еджак1эм щыгъуазэ зимыщ1у. Щ1апхъэу щытым хуеир бын пажэратэкъэ, ик1и Хужьпагуэ пЪэжI къыгъанэртэкъым: и классэгъуэхэм я п1эзэщыным щ1экъуэрт ик1и ар къеХуэл1эрт. Апхуэдэу Бэрэзджэ я хъыджэбзыр жыджэру хэтт я еджап1эми районми къыщы1эзрагъэпэщ эзпеуэхэм. Еджап1эм къыщауТIыпщ эзманми хьэулеину, Iуэхунщ1эну хущ1ыкъэгъуэ и1этэкъым - гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм губгъуэм пщ1акIуэ дашырт, бжьыхьэм нартыхудэ дэкIыртт.

Щэч хэмыл1у, школак1уэ ныбжьыщ1эм, балигъ хъуа нэужь, гъащ1э гъэ-гуанэ кьыхихыну1р зыхуэдэнымкI э куэд елъытащ и егъэджак1уэхэм. Хужьпагуэ фIыщ1э мыухьж яхуищ1 эзпытщ адэ-анэм хуэдэу зи нэ1э къытета и егъэджак1уэхэм - класс унафэщ1ыу щыта Къардэн Чэмал, «а цыхьфэ щыпкъэм ещ1ы сыхъуарэт» жи1эу сыт и лъэныкъэкIи зыдэп1ьейуэ къэгъэугурык1уэ, адыгэбзэмкIэ езыгъэджа Тэхъу Зэидэт, есэпыр езыгъэщ1ыа Хъэщ1ал1 Людэ, школ директору лэжьа Пъэпщокъуэ Сульт1ан сымэ. Абыхэм я фIыщ1эщ егъэджак1уэ хъуну фIэкIа, нэгъуэщ1 хъуэпсап1э пщащхэм зэримы1ар.

Е1нэ класкIэ кIуиха нэужь, Бэрэздж Хужьпагуэ щ1эт1ысхьащ Налшык дэт педучилищэм. А лъэхъэнэм, 60 гъэхэм и кIэхэм, школхэм ярикъуртэкъым пэщ1эдзэ классхэр езыгъаджэхэри, республикэм Щ1энэтэ IуэхумкI э и министерствэм и жэрдэмкIэ, студент нэхъыбэ Iэнэ курс нэужьым къуажэхэм ягъак1уэрт. Хужьпагуэ Нартан жы1эм дэжа1п1эр къы1ыстат.

- Я1п1 дыдэу школ бжэщхьэ1ум сыщеБэкъуа махуэр, си я1п1 дерсыр нобэ хуэдэу си нэгум щ1эт1щ, - игу кIэрыгъэкIыж Хужьпагуэ, - Сыздагъак1уа школым и унафэщI Гъучlэжь Гъумар, къызэрыз-эуп1щ1ышхуэи щымы1эу, 4-нэ классым сыщ1ишащ ик1и «нобэ щыщ1эдзауэ мыр фи егъэджак1уэщ» жи1эри езыр къыщ1экIыжащ. Сабийхэм си закъуэ дыдэ сакъыщ1ыхунэжм, Iэмк1и сыгуэвам пщы хэлъкъым. Псалъэхэрт, сакъыфIэмы1уэхущэу. Асыхьэтым сигу къэкIаращ: «Иджы1псту абыхэм закъыз-эрезгъэлъагъум куэдкIэ елъытащ адэкIэ си лэжьакIэ хъунур». Абдежым зы щ1алэ щ1ыкIу къотэджри жеIэ: «Ей, фысабыр, урокым щ1эддзэн хуейщ». Сэри абы пызощ1э - «Фысабыраиэ, еджэн щ1ыдодзэ». Апхуэдэу ежьэри, дякум дэлъ зэгурыIуэныгъэм махуэ къэсыху хэхъуэурэ, сэри си лэжьыгъэм сыхэгъуазэурэ ек1уэк1ащ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым, 1970 гъэм, Бэрэзджым къратащ езанэ классым къыщ1эт1ысхьа щ1ыкIухэр. Ик1и Хужьпагуэ и лэжьыгъэр я1п1 дыдэу къыщыщ1идзэр школак1уэ щ1ык1ухэм я къэухьыр здынэсыр, я шыфэлIыфэр зыхуэдэр кьищ1эныщ: сабийр къызыхэкIа унагъуэхэр зригъэщ1ыхуащ, я быныр тэмэму ед-жэн папщ1э ящ1апхъэмкIэ адэ-анэхэм чэнджэщ щхьэпэхэр яритащ.

Сабий къэс бгъэдыхьэкIэ зырыз къаухъэзыгъуэтыф егъэджак1уэщ Хужьпагуэ. Псом ящхьэу абы къ1ипьэтэр сабийр бийм фIыуэ зыкъебгъэльэгъэнырц. Абы щыгъуэмар къодэ1уэнущ, жы1п1эри фIэгъэщ1эгъуэныщ, узытепсэльыхьри и акъылым нэхъ щ1эх къиубыдынущ. Аущ урок закъуэкIэ сабийр гъэсаи егъэджаи зэрымыхъунур хьэкъыу еущ1э Хужьпагуэ. Абы 1эрьхъуэу кьегъэ-сэбэп классщ1ыб пэжьыгъэр: хэт хьэп-шып щ1ыкIу гуэрхэр щ1ыным дехьэх, хэти кьэфэныр, уэрэд жы1эныр и щ1асщ1, хэти спортым пищ1 щ1ыжьым. Мы гъэм егъэджак1уэм иБыгъа, 4-нэр къэзыуха щ1ыкIуэм и нэхъыбэр кьэфакIуэ кру-жокым хэтщ, щ1ал1э щ1ыкIуэм ящ1ыщ зыкъом бэнэкIэ спортым зратауэ хъар-зынэу загъасэ.

Унагъуэ хъуа иужьи (Хужьпагуэ щхьэ-гъуэзэ хуэхъуащ Тау Мухьэмэд) «си къа-лэнхэм къахэхъуащ» жи1эу, егъэджак1уэм и лэжьыгъэр зы мэзкъалкIэ кьы-гъэтIэсэхъакъым. Уеблэмэ зи и1ьэсым нэхъ къыкIэлъыкIуэм и Iэзэгъым хи-гъахъуэу, иригъэфак1уэу кьоГъэугу-рыкIуэ. Абы и щ1ыхьэтщ Занков и прог-раммэщ1эмкIэ щ1ыкIухэр гъахьэзырыр хуейуэ школым къыщ1ылъкъуэкIым, а Iэхъур Таум и пщэ зэрыдал1ьхьар.

- Хужьпагуэ иригъаджэ сабийхэр ад-рейхэм кьахощ и гъэсэныгъэкIи, я щ1э-ныгъэкIи. Абы пщ1э щи1эщ лэжьал1эми жы1эми. Адэ-анэ куэд хущ1окъу Хужь-пагуэ и классым я сабийхэр щрагъэ-джэным, - жеIэ Пщыгъуэ Майе. - Езым и хьэл-щэным, и щ1ыхьгъэм я гугъу I щ1ыным, щ1ыкуЪэ зэтетщ, пэжьр и гъуэзэщи, зэи укъигъэпщ1энукъым. Си щхьэкIэ, абы дэбгъуэн щы1эу сщ1эркъым.

- Адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэщ Хужь-пагуэ, - кьыпещэ абы и псалъэхэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ школым щеэзыгъаджэ Къаранаку Жаннэ. - Ар и лэжьыгъэм гуэр псэкIэ зэрыбгъэдэтым, гъэзакIуэ нэсу зэрыщытым я щапхъэ куэд бгъуэтынущ. Иригъаджэ щ1ыкIуэхэм ящ1ыщ дэтхэнэми и гум щ1ыщ1эмрэ и зэфIэкIыр зэдынэсымрэ зыщ1э егъэджак1уэм абыхэм ельытауэ и лэжьыгъэр ешхуэ. Апхуэдэу псэ къабзэкIэ зи Iэнатlэм бгъэдэт си лэжьэгъуэм сохъуэхъу гъащ1эм и Iэфlыр кууэ зыхищ1эну, и Iэхущ1афэ дахэм кърик1уэм щыгуфIык1уу илъэс куэдкIэ узыншэу къытхэтыну.

Щ1эблэр игъасэу, щ1эныгъэм хуиуэщ1у а цыхьфэ емызэшыжьыр зэрыла-жьэрэ илъэс 41-рэ мэхъу. А зэманым къриубыдэу абы сабий дапщэ иригъэ-джар, зи акъылым зригъэзэщ1ар? Даум, абы и бжьыгъэр кхъэлытэгъуейщ. Таур ироин, иропагэ и Iэсэн цыкIухэм узэрыгушхуэ хуэн Iэджэ къаэзрыхэ-к1ам, езым и Iэщ1агъэр зыкъомым кьы-зэрыхахьжам. Абыхэм я хьыбарыфI зэхиха нэужь, Хужьпагуэ дзрэжэгъуэу игъэутым щ1эи гуэри и1экъым. И лэжьыгъэм кърик1уа апхуэдэ фIыгъуэм абы дамэ кьыгрегъакIэ. Езы егъэджак1уэми школхъуэжь имыщ1у апхуэдизэ илъэс лъандэрэ а Iэнатlэ гугъум бгъэ-дэтым щ1ыхьэзфIэкIыр гуэр узынщэ, гуп зэгурыIуэ зэрыхэтырщ, егджанIэ унафэщIри и лэжьыгъуэхэри зы унагъуэ-фым хуэдэу дахэу зэхуцыту, я гуфIэ-гуэри я гуаи зэдагъэушу кьыз1эрыз1эдэ-гъуэгурыкIуэрщ.

И лэжьыгъэр сыт хуэдизу зэтеублауэ ек1уэк1ми, и Iэнатlэм теухуауэ Хужьпа-гуэ зы гукъеуэ и1эщ. Программэм ик1ы итк1э, адыгэбзэ урокхэм тхьмахуэм к1ыриубыдау сыкьэтит1 кьудей фIэкIа зэ-рыхухамыкым ирогIепейтат. Анэдэлъ-хьбзэм хухах сыхьэт бжьыгъэм хагъа-хьуэмэ, адыгэбзэм и къулеягъэр, и дахагъэр забийм нэхъ куууэ зэребгъ-щ1эфынум щэч хэлъкъым.

И лэжьыгъэфIым папщ1э, егъэджак1уэ гумыдзагъэм мызэ-мыт1эу гу кы-льатащ. Таум къратащ щ1ыхь тхьлъ зыбжанэ, ар категорие нэхъыщ1хьэ зи1э егъэджак1уэщ, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щ1ыхь зи1э и лэжьакIуэщ.

Хужьпагуэ и щхьэгъуэ Мухьэмэд игъуэ нэмысу дунейм ехьажащ. Ар инженер нэхъыщ1хьэу, нэгъуэщ1 къулыкъуэхэр и1ыгъуэ I утащ I энатlэ зыбжанэм, зыхэт гупхэм я деж пщ1э щи1эу. ПъэужьыфIи къызэринэкIащ. Зэщ1ъэгъуэхэм пхъ1ищ зэдап1ащ, щ1эныгъэ нэхъыщ1хьэ иригъэгъуэтащ. Абыхэм я ехьулI эныгъэхэм иригушхуэу, и лэжьы-гъэм гуэхъуэгъуэ ин къриту, и акъы-ли, и зэфIэкIи, и гуащ1и сабийхэр - пщэдей бащэкIэ дызыщ1ыгугъ щ1эблэр - гъэсэным, щ1эныгъэ тэмэм я6гъэдэлъ-хьэным и гъащ1эр щхьэзыых хуищ1у мэпсэу Хужьпагуэ.

МЫЗ Ахьмэд.

Социалистическэ зэхьэзэжуэм зэрыщыт екIуам папщIэ Бэракъ Пльыжь зэIэпахыр къратащ Бахъсэн ГЭС-р зыухуахэм. А гуфIэгъуэм теухуа пэкIум къыщопсалъэ ухуэныгъэм и унафэщI Рубин Арнольд.

1936 гъэ

●Ди сурэт гъэтIыл1ъыгъэхэр

Илъэс 50 гъуэгуанэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм изобразительнэ гъуэзджэмкIэ и музейр илъэс 50 ирокIу.

1960 ГЪЭМ щыщхьэ1ум и 16-м музейм и бжэр къызэ1уахащ. Абы и къызэгъэпэщакIуэу ик1и и я1п1 унафэщIу щытащ Косьяненкэ Василисэ.

Я1п1м ар К1ыщокъуэм и цIыкIэ щы1э уэрамым тетащ республикэм и лъахэ хуГэпэткъ музейм и зы къудамэу. Зэман дэкIа нужь Косьяненкэ и жэрдэмкIэ, ар къаГъэпэхъуауэ щытащ Ленины-ным и уэрамым. А зэманым изобразительнэ гъуэзджэмкIэ музей ди щ1ынаЛъэм къыщ1ызэГуик1ныр екъул1эныгъэшхуэт. Музейр хуэм-хуэмурэ лъэ быдэкIэ уВащ. Абы зэрызыжьыр нэрыльагъу я1щ1ыт игъуэта теплъэми абы щагъэльагъуэ суэрт хэмэ. Мыбы ущрихьэл1эрт Урысейми дуней псоми цIэрыIуэ щ1ыхьуа суэрт хэм. Музей нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэу Урыс музейм, Третьяковскэ галереем, Эрмитажым запыщ1эныкIэ I ажьы-гъэщхуэ ирагъэкIуэкIащ нэгъуэщ1 къэралхэм я суэрт щ1ыщ1 Iэзэхэм. Абыхэм ирагъэ-кIуэ щыта зэгурыIуэныгъэхэр сэбэп хъуащ дунейпсо щэнхабзэм и фIыгъуэхэм КъБР-м и цIыхубзэр щыгъуаз-зэ хъунымкIэ.

Мы гъэм жэпуэгъуэ мазэм изобразительнэ гъуэзджэмкIэ музейм и юбилейр яГъэлъэпIэнущ, абы ехьэлIауэ зэ1ущ1э, гъэлъэгъуэныгъэ купщ1афIэхэр ек1уэк1ынущ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

Абыхэм я л1ыгъэрщ щапхъэр

● Дэ къытхуатх


Бозий Замир

Замир и1уэтэжащ. Щапхъэ зытрахым Мирэрэ унагъуэ дахэ иухуащ. И щхьэгъуэ Мирэрэ езымрэ щ1алитI эдгъэгъуэтащи, нэхъыжьыр экономистщ, нэхъыщIэр ерыскьыкъэхэмкIэ технологщ. СССР-м Iэщ1экIэ Зэщ1эуэзда и Къаруж-хэр зэгъэзэгъуэ1уар илъэс 70, Афганистаным ди дзэхэр къызэрырашыжрэ илъэс 20, Хэку зауэр илъэс 65-рэ щрикъуэ лъэхъэнэхэм юбилей медалхэр зыхуагъэфэщахэм ящыщщ Бозий Замири. Иджырей щ1алэгъуэм я гугъу щыгщIкIэ Замир жеIэ: «Дэ ди нэхъыжьхэр ткIийуэ къытхуущтащ ик1и абыхэм жа1эм дедаIуэу, шынэрэ укIытэрэ тхэлъу, пщ1э я хуэт-щIу дыкъэхъуащ. Сыхуейт нобэрей ди щ1алэгъуалэр гупсысэу, ямыщ1апхъэ ямыщ1эу, лажьэрэ шхэжу мы дунейм тетыну».

Замири езым хуэдэ адрей ди щ1алэхэри зыхэта зауэм хуэдэ и бынхэм ия абыхэм къатепщ1ыКIыжхэми я нэгу щIэмыкIыу, я гуфIэгъуэ куэд ильаГуу илъэс куэдкIэ псэуну, и унагъуэкIи и лэжьыгъэкIи ефIэжкIуэну сохъуэхъу. Сэ си щхьэкIэ сыхуейт нобэ Iэщэ къэзыщтэ дэтхэнэ зы ныбжьыщ1эми къыгурыIуэну, мамыр псэукIэр зэрыпхъэжьэ хуэн зэрыщымы1эр.

БОЗИЙ Лизэ.
Налшык къалэ.

●Щэнхабзэ

Си лъахэ - си уэрэд

Арат фIащар иджыблагъэ екIуэкIа республикэ фестиваль-зэхьэзэхуэм. КъБР-м Щэнхабзэмкl э и министерствэм къызэригъэпэща а Iуэху дахэм и мы1ыхьэ нэхъыщхьэр лъэпкъ уэрэдхэм яхуэфащэ пщ1э егъэгъуэтынымрэ уэрэджы1акIуэ ныбжьыщIэхэр утыку кьиушэнымрэщ.

ЗЭХЬЭЗЭКУЭР Iыхьитlу зэхэтащ. Фонограммэншэу зыкъэзыгъэльэгъуа уэрэджы1акIуэ 25-м я зэфIэкIыр жюрим къыщ1ыдащ я макъкIи, утыку утыкIэкIи, яГъэзащIэ уэрэдхэм я гуГъуагъ-тыншагъкIи. Апхуэдэуи фестиваль-зэхьэзэхуэм къыщыхахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым тех-хуа уэрэдхэм я нэхъыфIхэр.

Фестивальм зи зэфIэкI кьыщщ1ызыгъэльэгъуахэм я гала-концертыр Налшык дэт Киноконцерт тхьалъэгъуаIэм экрем кIуам щекIуэкIащ. Ар къыз1уихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан. Зэпеуэм хэтахэми зэ1ущ1эм и1ырезыгъэхьэлIаэхэм гуапэу екъуэхъуа нужь, ди республикэм теухуа уэрэду я1п1 увыпIэхэр къэзыхьахэр зыуасахэм абы минister-ствэм и щ1ыхь тхьылъхэр яритыжащ. Апхуэдэу я1п1 хъуащ «Кабардино-Балкария» (псалъэхэр зейр Намовэ Еленэщ, макъамэ щ1эзыльхьар Къашыргъэ Билалщ), «Моя Кабардино-Балкария» (псалъэр макъамэри зейр Хьэ1упэ Анзорщ) уэрэдхэр. ЕтIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Беппаев Мутlалибрэ Бечелов Хьэбасрэ зэдатха «Гордый, гордый мой Чегем», Овчинников Владимиррэ Ступенковэ Ольгэрэ я «У подножья Эльбруса двуглавого», Давыдовэ Риммэ (псалъэри макъамэри зейр езыращ) и «Моя республика» уэрэдхэм. Ещанэ увыпIэр «Джылахъстэнеи» (псалъэхэр Къэжэр Петр, макъамэр Къашыргъэ Билалщ), «Отчий дом» (псалъэхэр Иуан Владимир, макъамэр Блашэ Владимир), «Край родной» (псалъэри макъамэри зейр Жаникаев Эдуардщ) уэрэдхэм къахьащ. «Вечный зов», «Россия и Кабардино-Балкария» уэрэдхэм «Надежда» зыфIаща саугъэтыр хуагъэфэщащ, фестивальым хэтащ псомри саугъэтхэр иратащ.

Ди лъахэр зы1эт зэрэ1ущ1ащ. Ар ди ныбжьыщ1эхэм я гугъу ящ1ыщ1 я макъкIи, утыку утыкIэкIи, яГъэзащIэ уэрэдхэм я гугъуагъ-тыншагъкIи. Апхуэдэуи фестиваль-зэхьэзэхуэм къыщыхахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым тех-хуа уэрэдхэм я нэхъыфIхэр.

Фестивальм зи зэфIэкI къыщщ1ызыгъэльэгъуахэм я гала-концертыр Налшык дэт Киноконцерт тхьалъэгъуаIэм экрем кIуам щекIуэкIащ. Ар къыз1уихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан. Зэпеуэм хэтахэми зэ1ущ1эм и1ыреезыгъэхьэлIаэхэм гуапэу екъуэхъуа нужь, ди республикэм теухуа уэрэду я1п1 увыпIэхэр къэзыхьахэр зыуасахэм абы минister-ствэм и щ1ыхь тхьылъхэр яритыжащ. Апхуэдэу я1п1 хъуащ «Кабардино-Балкария» (псалъэхэр зейр Намовэ Еленэщ, макъамэ щ1эзыльхьар Къашыргъэ Билалщ), «Моя Кабардино-Балкария» (псалъэри макъамэри зейр Жаникаев Эдуардщ) уэрэдхэм къахьащ. «Вечный зов», «Россия и Кабардино-Балкария» уэрэдхэм «Надежда» зыфIаща саугъэтыр хуагъэфэщащ, фестивальым хэтащ псомри саугъэтхэр иратащ.

Ди лъахэр зы1эт зэрэ1ущ1ащ. Ар ди ныбжьыщ1эхэм я гугъу ящ1ыщ1 я макъкIи, утыку утыкIэкIи, яГъэзащIэ уэрэдхэм я гугъуагъ-тыншагъкIи. Апхуэдэуи фестиваль-зэхьэзэхуэм къыщыхахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан. Зэпеуэм хэтахэми зэ1ущ1эм и1ыреезыгъэхьэлIаэхэм гуапэу екъуэхъуа нужь, ди республикэм теухуа уэрэду я1п1 увыпIэхэр къэзыхьахэр зыуасахэм абы минister-ствэм и щ1ыхь тхьылъхэр яритыжащ. Апхуэдэу я1п1 хъуащ «Кабардино-Балка-

●Щэрэдж куей

Стадионыр къагъэщIэрэщIэж

Къэщкъэтау дэт район стадионыр илъэс куэд хьуауэ зэрагъэпэщ1ыжыфыртэкъым, мылькур кьаззремэщ1экIым къыхэкIыу ик1и спортсменхэри футболым дихьэхэзри гугъу ещырт.

ДАУ Э МЫХЪУМИ, мы гъэм и пэщ1эдзэхэм стадионыр къахухьыну хунэсат, абы лъандэри иджыщ ар зэгъэпэщ1ыжыным пащэну Iэмал щагъуэтар. Абы и унэми къыпащ1ыхьащ. Уху эныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIар спонсорхэм я мылькущ. Абыхэм я фIыгъэкIэ щы1пIэм и тепльэм зихьу жащ, ик1ыуреягъэр зэщ1агъэкъэбзащ, стадионым кьекIуалIэ гъуэгуэр зэтес щ1ащ. Псом хуэмыдэу мы Iуэхум щогуфIыкI «Къэщкъэтау» футбол командэм хэтхэр. Стадионыр дяпэкIэ хуэ-хьэзыр сыт хуэдэ районпсо зэхьэзэхуэмэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЕтIуанэ Кавказ Джэгухэм Хьэбэз зыхуегъэхьэзыр

●Фестиваль

Жэпуэгъуэм и 1 - 3-хэм Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм хьыхэ Хьэбэз адыгэ къуажэм дэт «Адиюх-Пэлас» спорт комплексым щекIуэкIынущ Кавказ Джэгухэр фестивалыр. Ар къызэгъэпэщ1ынщ ик1и егъэкIуэкIыныр даГъгъащ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щ1ынальэм щы1э Хлопонин Александрэ УФ-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр Мутко Виталиирэ.

ИПЩэ щ1ынальэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зи1э апхуэдэ зэхьыхьэр егъэкIуэкIынир къыхилъхьащ ингуш спортсмен щ1ыкIуэ, 1988 гъэм атлетикэ хьэлъэмкIэ Олимп чемпион хъуа, Ингушыа и Президентым спортымкIэ и чэнджэщэгъу **Арсамаков Исраил.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щ1ыкIэр Джэгухэм щахъумэныр спортсмен 30-м. Зэхьэзэхуэхэм къызэщ1ауфыдэнущ Кавказым ис лъэпкъхэм къадекIуэкI мыолимп спорт лIэужьыгъуэ 14. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, бгым джжеин, бгырыпхъ бэнэкIэ, хьэлъэхэр къэ1этын, кIапсакIэ эзпекъым, табэзэкIэ нэщанэ еуэн, нэгъуэщIхэри. Къищынэмыщ1ауэ, зэхьыхьэм щагъэльэгъуэну я мурадщ. Кавказым ис лъэпкъхэм я хабзэхэр зэ1ущ1ельэгъуэ щэнхабзэ программэшхуэм.

- Иджырей Кавказ Джэгухэм я къалэн нэхъыщхьэр лъэпкъхэм я зэхуакъу дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбдыныр, абыхэм я спорт п1эужьыгъуэхэм зегъэужьынырщ, - жеIэ КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Заруцкий Александр**. - Лъэпкъхэм я щэнхабзэм зэщхьэщыкIыныгъэ нэхъыр зэтехуэнущ нэхъыбэ зэрыхэлъыр псоми нап1уэ я ящ1ытщ1ын хуейщ.

Кавказ Джэгухэм щытекIуэ республикэм федеральнэ бюджетым ык1ыкIыу хуаУIып-щ1ыныр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэрэпэщ1а и идхьрей спорт комплекс зарахуэну мыл1ьку.

КъызэрэпэщащкIуэхэм мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр илъэс къэс ирагъэкIуэкIыну я мурадщ. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, я1п1 Кавказ Джэгухэр нэгъабэ Ингуш Республикэм щызэхэтащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Афганистан гъунапкъэм. *Сурэтым* (*сэмэгурабгъумкIэ я1п1 итыф*) Бозий Замирщ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур фокIадэм и 11-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущIо Зариф, Къэбзэр Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щы1э уэрам, 5, еБгъуанэ - ещ1анэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхущхьэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ къыщ1ыхьэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьанымр и пщэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрикъуэкIэ жэуап ех КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетым 1989 гъэм дыдэм щ1ащ №Н-0065-м щ1эту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щы1э уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахущ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактор Хьэжыкьарэ Алик, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(1, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэныкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящ1ащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Биц Жанэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ цыгъадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №2527